ГЬУДУЛЛЪИ ДРУЖБА

ГАЗЕТА «ДРУЖБА» 90 ЛЕТ

№ 66-67 (10139-10140) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2020 сон. 23 октябрь/Рузман

# Гъодобери-гIалимзабазул мажлис



Сентябралъул ахиралда Болъихъ районалъул Гъодобери росулъ тIобитIана, кIудияв гIалим АхIмад-хIажи ГIисаевасе исламиял гIелмабазул доктор абураб цIар щвеялда бан, мажлис.

Гьеб гIуцIана Гъодобери росдал жамагIаталъ. АхIмад-хIажил росуцоязул рохалие г1орхъи букIинчIин абилаан гьезул гьурмада бугеб разилъи бихьаралщиназ.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул муфтиясул заместитель АхIмад Кахаевас, мугIрузул округалда вугев вакил ГIизраил МухIаммадбасировас, исламиял гIелмабазул доктороал: Эсенбулат ЯхIяевас, ГъазимухIаммад Абакаровас, МухIаммадсайгит Сагитовас, Рашид Алимурадовас, районалъул имамзабазул советалъул председатель АхIмад Къурбановас, районалъулгун республикаялъул ва къватIиса рачIарал гIалимзабаз. Гьединго мажлисалда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер Руслан ХIамзатовасги.

# АхIмад-хIажиясул гIумрудул къокъабго баян



АхIмад-хIажи ГIисаев гьавуна 1959 соналъул тIоцебесеб сентябралъ Дагъистан АССРалъул Больихъ районалъул Гъодобери росулъ, хIалтIухъанасул хъизамалда. Росдал гьоркьохъеб школалда 3-4 классалда цIалулаго инсуца кьучI лъуна гьес исламияб гIелму цIалиялъе.

Гьесул эмен, мунагьал чураяв, МахIамадрасул ГIисаев дин гьукъараб ва гIалимзаби кьварид гьарулеб заманаялъ исламияб гIелму цIалула вукIараздасан цояв ккола. Росулъ букIараб мадраса бихххизабун хадуб гьев мадугьалихъ бугеб ЦIумада районалъул Гьигьалъ росулъе ине ккун вуго, цинги гьенибги мадрасаги бихxизабун гьоркьоб хутIун буго цIали. Хъизамалда щуго вацазда гьоркьов бищун гьитIинав вукIана АхIмад. Цересел васалги рорчIун ккедал ва жиндиргоги цIали гьоркьоб хутIун букIиналъ инсул мурад букIана цогIаги васасда гIелму малъизе.

АхIмад-хIажил эбел Расулова Пари, жиндир мунагьал чураяй, гьелъулги гьесул инсулго гIадин щибго мурад букIинчIо васасе гIелму щвейги, гьесул гIалимчи вахъинги гурони. Гьей йикIана кутакалда гIалимзабиги мутагIилзабиги хирияй гIадан. МутагIиласул ракI бохизаби мурад букIунаан гьелъулги. Гьединан, жинцаго гьабулеб букIараб, росдал гьоркьохъеб школалъул бухгалтерасул хIалтIиги тун, анкьго классалъул цIали лъугIарав гьитIинав АхIмадги цадахъ вачун МахIамадрасул Хасавюрт шагьаралде гочана. Росулъ хабар биччан букIана эменги васги чачаназул боцIуда вехьлъи гьабизе ун ругин абун, амма гьенире иналъе аслияб гIиллаги букIана гьенир бальго гIелму малъулел бакIал рукIин. Гьениб рукъгьи ккун, школалъул цIалигун цадахъ инсуца тIадчIун малъана АхIмадида гIелму. Инсуца жинцагоги гIелмуялъул дарсал росулаан Хасавюрт шагьаралда вукIарав Гъуниб районалъул КIуяда росулъав ХIажимурад абурав гIалимчиясухъан. ГIемер заман гьоркьоб инчIого инсуца гьев Дарбишев МухIаммадил (Абавил) нухмалъиялда гьоркь букIараб, бальго гIелму малъулеб мадрасаялде щвезавуна. АхIмадил мутагIалимлъун ДарбишхIажи вукIана. Мадрасалда гIелму цIалулаго гIемер кьварилъаби ва захIмалъаби рихьулел рукIана цIалдолезда, хIукуматалъул идарабазул хал гьарият рукIиналъ чанго бакIал хисизе ккола гьез. Гьединаб захIмалъиялда цIалана ункъо соналъ. 1978 соналда гьезул цIали бихххизабуна ва бащдаб сональги цIалдолел данде ракIаризе кIвечIо. Гьелъие гIиллалъунги ккана хьаравуллъи гьабулел идарабаз дандельизе толел гьечIолъи, гьединлъидал бакI-бакIаздаги рахчун гьез цереккун жидеего малъарал дарсал такрар гьарулаан.

Гьебго 1978 соналъ АхIмад советияб армиялде ана. Гьеб заманалда гьоркьоб гьес цIалун букIана гьанже исламияб институталда цIалулебгIанасеб гIелму, Усулул фикъгьи, Мантикъ ва МагIан гIадал гIелмаби цIалун рукIинчIо.

Армияги тIубан, 1981 соналъ АхIмад тIад вуссана ва Хасавюрталде ана. Гьесул эмен, 70-ялдасаги сонал арав чи, тIалиблъун, ай мутагIалимлъун хвезе бокьун бугинги абун васасухъ вачIун вукIана цIализе. Гьеб мехалъ инсуе дарсал АхIмадица лъолел рукIана ва цIалулев вугебгIан заманаялъ хадусел курсазе дарсал кьейги гIалимзабаз тIад кьан букIана. Гьелдасан нахъе, хъизан гьабидал, риидалил моцIаз ралел бакIазда хIалтIизе ун ва хасало Хасавюрталда мадрасабазда лъай кьолаго бана анцIгоялдасан цIикIкIун сонал.

1992 соналдасан нахъе 28 нухалъ нухмалъи гьабуна, ракьалдасан унеб транспорталда хIежалде ине сапар бухьарал, рикIкIен гIемерал диналъул вацал -яцалазе.

1994 соналъ АхIмад ана Сириялде лъай камил гьабизе.

1997-2000 соназ, жамагIаталъул гьариялда рекъон, росдал имамлъун ва мугIалимлъунги хIалтIана. Гьенив хIалтIулаго гьес дарсал кьуна мутагIилзабазеги. Анкьида жаниб чанго нухалъ гьев Кьохъ росулъав машгьурав гIалимчи СултIанмухIаммад-хIажихъе унаан дарсиде, гьениб цIалана «ИбнухIажар».

2001-2012 соназ Хасавюрталда бан лъугIун бугеб СагIидбег Даитовасул цIаралда бугеб исламияб институталда, Дарбишев МухIаммадил (Абавил) гьариги къабул гьабун, АхIмад-хIажи анлъго соналъ проректорлъун, хадув щуго соналъ ректор хIисабалдаги хIалтIана.

2010-соналъги АхIмадица сапар бухьана Сириялде лъай камил гьабиялъул курсазде.

2011-2012 соналъин абуни, цIализе лъугьана Сириялда бугеб институталъул аспирантураялде. Сириялъул тахшагьар Дамаскалда бугеб шаргIияв гIулумазул гьеб аспирантураялда АхIмад-хIажи цIалулаго, лъай хьвай ккана исламияб гIаламалда машгьурав, шаргIияв гIулумазул Устаз-доктор Мустафа Диб аль Бугъагун.

Гьев ккола лъабкъоялда анцIгоялдасаги цIикIкIун гIелмияв хIалтIабазул ва тIахьазул автор.

2012 соналдаса нахъе нухмалъи гьабулеб буго Хасавюрт шагьаралда бугеб ДИУ-ялъул филиалалъе ва гьебгун цадахъго 2014 соналдаса нахъе, Дагъистаналъул муфти АхIмад-хIажи афандиясул (къ.с.) тIад къайги тIубан, нухмалъи гьабун бачунеб буго МахIачхъала шагьаралда бугеб ДИУ-ялда цебе рагьараб аспирантураги. Гьелдаго цадахъ гьев хьвадула МахIачхъала шагьаралда бугеб ДИУ-ялда ругел мугIалимзабазе дарсал цIализеги.

2014 соналъ Хасавюрталдаги ва Татарстаналъул Казань шагьаралдаги тIоритIарал тIолго Россиялъулаб гIолохъанал гIалимзабазул конкурсазда бергьана АхIмад-хIажил мутагIилзаби: МахIамадгIали Багьавдинов ва Ибрагьимхан Маккашарипов. Гьелъги бихьизабулеб буго АхIмад-хIажие Аллагьас мугIалимлъи гьабизе кьун бугеб бергьараб махщел.

2018 соналъ АхIмад-хIажица Сириялда цIунана исламиял гIелмабазул кандидатасул цIар.

Гьебго соналъул ахиралда Татарстаналъул Балгар шагьаралда тIобитIараб «Институализационные процессы мусульман России; история и современность» абураб конференциялда АхIмад-хIажи кIалъана Дагъистаналъул гIалимзабазул гIелмияб ирсалъул докладгун.

Гьев ккола республикаялдаго машгьурав гIалим, диният хIаракатчи, исламалъул темаялда тIасан 11 хIалтIи: «Каваид ат-Тасриф», «Хуласа ас-Тасриф», «ХIаж гIумраялъул ахIкамал», «Хадж и умра», «Иршадуль гIавам ила фикъгьи дини Халикъил анам»-лъабго бутIаялда хьварав мусанниф (автор) . КъватIибе биччазе хIадурулеб буго –«Обязательно ли придерживаться одному из четырёх мазхабов»- абураб тIехьги.

2020 соналъул лъабабилеб сентябралъ АхIмад-хIажи ГIисаевас, Дагъистаналъул гуманитарияб институталда рагьараб докторантураялдаги лъугьун Дагъистаналда тIоцебе цIунана исламиял гIелмабазул докторасул тIадегIанаб цIар «Риба-ростовщичество» абураб темагун.

Гьеб тема тIаса бищиялъе гIиллабиги ккола жамгIияталда ругел социалиялгун экономикиял захIмалъабазда, тарихалда ва гьабсагIат бугеб ахIвал-хIалалда хурхарал.

Гьеб ккола кIудияб кIвар бугеб хIалтIи, гьебгиха цохIо диният вакилзабазе гуребги экономикаялда хурхараб хIалтIи гьабулезеги.

Гьал рехсарал баяназде тIаде жубазе жегиги АхIмад-хIажил хIакъалъулъ гIемераб жо буго: гIакълу-лъайгун цадахъ адаб- хьатиралъул, яхIнамусалъул, гIаданлъиялъул ва рухIияб вацIцIалъиялъулги.

**МухIамад МухIамадгIалиев,**
**росу Гъодобери.**

## ГЪОДОБЕРИСА АХIМАД-ХIАЖИДЕ

*Фикъгьиялъул доктор, шаргIалъул байрахъ*
*АхIмад-хIажи шайих ,Гъодоберисев.*
*Гъодобери гуреб, Дагъистаналда*
*Дур бицен рагIинчIеб цIараки гьечIо.*

*АхIмад-хIажи щукру щвана мун нижей*
*Щвараб гIоргIадинан гIелму гьарзаяв.*
*Лъай-гIелму бокьараз файда босизе*
*Баркат бокьанщинал аскIор рачIине.*

*Росу-ракь гвангъараб гургинаб къамар*
*Къуватни киса дий дур бицун хьвазе.*
*Динул исламалъул нуралъул хIуби*
*Щукру камиллъилищ дун гIадиназул.*

*Дур гIелму-вацIцIалъи, роцIцIараб гIакълу*
*ГIаламалъе кьуни гьоркьцин хутIила.*
*Иманалъул тIокIлъи, тIабгIалъул кьвари*
*Кьуни буго Бичас дуе гьарзаго.*

*ГIелмугун-лъаялде рокьи бергьиндал*
*КьечIо дуе хIалхьи хIасратаб ракIалъ.*
*СултIан МухIамадихъ лъай тIалаб гьабун*
*Кьохъе мун хьвадана гIемерал саназ.*

*Гьебги гIун мун чIечIо, гIишкъу цIикIкIана*
*Хасавюрталдехун ракIалъ вачана*
*КIудияв гIалимчи Дарбиш МухIаммад*
*Дуца мугIалимлъун тIаса вищана.*

*НахIвигун-фикъгьидул кьулгIадухъа лъим*
*КъатIра нахъ течIого дуца гьекъана.*
*Гъодоберив имам, аспирантура..*
*Мун тIаде вахинчIеб борхалъи гьечIо.*

*АхIмад-хIажи шайих, Гъодоберисев*
*Гьеж гурун хIалтIана шаргIалъул нухда*
*Дин бокьанщиназе гIелмудул дарсал*
*ГIумруялъго лъуна свак-кIвахI гьечIого.*

*МугIалим, кIоларо, кIодолъи бицун*
*КIиго хIарфги сукIун жугьа гIуцIизе.*
*Жаниб рокьиялъул цIа гьелегьидал*
*ЦIалана гьаб назму, тIаса лъугьун те.*

*ГIелму-гIамал бугев чи гьечIониги*
*ГIалимзаби рокьи кьун буго дие.*
*Рокьаралгун рахьин хIакъаб жо лъидал*
*ХIакъирав вугилан нахъе кьотIуге.*

*Кьеги МугIалим дуй щулияб сахлъи*
*Щвараб бакъ гIадин мун, кьалъун вукIине.*
*Кьоялги кьеги дуй рохелалъ цIурал*
*Дур гьурмада гьими даим кунчIизе*

*Жегиги кьеги дуй рекIее сабру*
*СогIаб заманалъул зулму хIехьезе.*
*ХIалкIолесул щваги кумек-тавфикъ дуй*
*Тавбуялъул нухде гIавамал цIазе.*

**Завжату Рамазан**

# ГIелмудул тарихалъул тIамач рагьана

*Щукру рецц БетIергьан Аллагьасе буго рикIкIун хIалкIоларел нигIматал кьун нилъ хьихьарав. Къо бахьанагIан Аллагьас нилъее гIатIид гьарулел руго рахIматалъул рагьабиги. Бищунго кIудияб рахIматин абунани, ккола гIелму. Гьаб данделъиги буго районалъулго тарихалда жаниб жавгьаралъул хIарпаз хъвараб баркатаб лъугьа-бахъин. Щайгурого, мажлисалъ данде гьарун ругелъул къогогIанасев чIахIи-чIахIиял гIалимзаби, республикаялъул батIи-батIиял районаздаса, шагьараздаса, хIатта чачаналъангицин рачIун рукIана гьалбал . Мажлисалде гIалимзаби ракIариялъе кинаб гIиллаха букIараб, сундуе гIоло гьеб гIалам бакIарараб? Гьел киналго рукIана Аллагьасе гIоло, Гъодобери росулъа АхIмад-хIажил хIурматги гьабун, жал ахIараб бакIалде, гьабулебщинаб хIалтIиги тун, сапар бухьарал гIадамал. Бахилаб хIалалда гIуцIун букIана мажлис нухда бачиналъул тадбирги. Гьеб байбихьана Юсупил цIаралда бугеб мадрасалъул мутагIил Насрула Сиражудиновас цIалулеб Къуръаналъул аятaлдалъун.*

***Районалъул имам-АхIмад Къурбанов***



Ас-саламу гIалайкум ва рахIматуллагьи ва баракатугь. Хириял гьалбал, Гъодобери росдал жамагIат, тIаде рачIарал гIалимзаби.Рецц Аллагьасе буго цоги нухалъ нилъее рес кьурав, гIалимзабиги данде гьарун, гьадинаб тадбир гIуцIцIизе. Абу Заридаса бицараб хIадис буго: «ГIалимзаби жиделъ гIахьаллъарал мажлисазда гIахьаллъи чиясе хирияб бугила азарго бараб ракагIаталдаса, гьединго, азарго унтарав чиясда вакквизе иналдаса ва азарго жаназа нухда регIиялдаса».

АхIмад-хIажица Исламиял гIелмабазул докторлъи цIуниялъул хIурматалда жиб гIуцIараб, гьаб мажлисги батаги росдаеги, районалъеги, Дагъистаналъеги тIолалго бусурбабазеги баракатаблъун, чIахIиял балагьал нахъ чIвалеблъун.

***ХирамухIамад Хирачев (тартибалда мажлис бачарав)***



Ас-саламу гIалайкум, хириял бусурбаби, диналъул вацал. Гьалеха жакъа Болъихъ районалъул Гъодобери росулъ кIудияб лъугьа-бахъин буго. РакI-ракIалъ баркула АхIмад-хIажида ва гьанир ругел, тIадегIанал докторзабигIалимзабаздаги жидее щвараб къиматаб цIар.

Унго-унголъунги гьаб рохел щивав бусурбанчиясе гIахьалаб буго ва нилъ рохизе ккараб иш буго.Дие бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе щивасе, гьабулеб хIалтIиги тун, гьаб захIматаб заманалда балагьичIого гьанир рачIаралъухъ. Аллагь разилъаги нужедасан, гьаниб чIвараб гали рикIкIун Аллагьас нужее кириги хъваги. ЛъикI тун руго БетIергьан Аллагьас .

ЛъикIлъаби чвахулеб баркаталъул накIкI,<br>
Баракат дур камун ниж хутIугеги,<br>
Дуца нахъе тарал варисзабазул,<br>
Ирсилал, камураб кьо бачIугеги.<br>
Къуръан-хIадисалда гIамал куцазе,<br>
Кумек дуца гьабе, я Расулуллагь,<br>
Суннат чIаго гьабун шаригIат ккезе,<br>
РухIияб къуват кье, кьудратав Аллагь.

***Дагъистаналъул муфтиясул заместитель АхIмад -хIажи Кахаев***



Бисмиллагьи ррахIмани ррахIим,

АльхIамдулиллагь. Ва ссалату ва ссаламу гIала расулуллагь.

Хириял диналъул вацал, тIоцебесеб иргаялда ихтияр кье дие салам кьезе нужее, Дагъистаналъул муфти, шайих АхIмад-афандил рахьалдаса « Ассаламу гIалайкум ва ррахIматуллагьи ва баракатугь ».

Хириял Гъодобери росдал жамагIат, тIаде рачIарал гьалбал. АхIмад-хIажил бицине, нужеда лъаларев чи гьевги гуро. Дида лъалеб рахъалдаса гIалимзабазда гьоркьоб букIа, мутагIилзабазда гьоркьоб букIа, цониги чи гьечIо гьев лъаларев, гьесул адаб-хIурматги гьабуларев. КIудияб гьираги букIуна гьесул тIахьал цIализе. ГIелму, гьеб буго Аллагьас АхIмад-хIажие кьураб нигIмат. Аллагьас гьеб гьесие даимги гьабеги. Аллагьас гьаб дунялалда нилъ жакъа данде ракIарараб гIадин, метер ахираталда алжаналда жанирги, гьадинго гIахьаллъун, хирияв аварагасда (салаллагьу тагIала гIалайгьи ва саллам) аскIорги, гьединго, гьесие рокьулел гIалимзабигун цадахъ, Аллагьасеги аварагасеги (салаллагьу тагIала гIалайгьи ва саллам) рокьулел устарзаби, асхIабзаби, табигIуналгун цадахъ нилъ киналго дандеги гьареги.

Нужедаги гьари буго, къимат гьабе нужерго цIаларал гIалимзабазул, гьезул букIине кколеб адаб-хIурмат гIодоб рехуге.

ГIалимзабазул тIахьаздаги хъвалеб буго: «Къиямасеб къоялъ, гIалимчи лъалев вукIанин, вокьулев вукIанин абураб жоялъгицин Аллагьас нилъер мунагьалги чурун, алжаналде нилъ рачине рес бугила»

Жакъа нилъее гьединаб рес кьун буго Аллагьас, гIицIго исламияб лъай боси гуребги, нилъее рес щун буго гIелмиял хIалтIаби гьаризеги, докторский цIунизеги. ТIоцебе гьеб цIар щваразул цояв ккола АхIмад-хIажи. Гьеб рагIидал нилъер кIудияс абуна: «Аллагьасе бокьана АхIмад-хIажие гьеб цIар жакъа щвезе, цIар кьеялъе мех щун букIана жеги 20 соналъ цебе» абун.

Жакъа нилъеца гьабулеб гьаб щукрудул мажлис Аллагьги разияб, гьесул хирияв МухIаммад (салаллагьу тагIала гIалайгьи ва саллам) Аваргги вохулеб мажлисльун гьабеги. Гьединго, гьаб мажлис нилъее гьабеги аза-азарго гIалимзабиги докторзабиги рахъине сабаблъун кколеблъунги. Нилъер дугIа къабулаб мажлислъунги гьабеги Аллагьас.

***Муфтияталъул мугIрузулаб округалда вугев вакил ГIизраил МухIаммадбасиров***



Ас-саламу гIалайкум, имамзаби, гIалимзаби. Аллагьас къабулги гьабеги нилъеца тIобитIула бугеб гьаб мажлис.

Сабаблъунги ккаги тIаде рачIунел балагьал нахъе чIваялъе. Хирияв ХIабибасул (салаллагьу тагIала гIалайгьи ва саллам) хIадисалда абулеб буго: «Щивав чи вукIине вуго жиндиего вокьарав чиясда аскIов» абун. Жакъа нижги рохарал руго гьаб мажлисалда гIахьаллъизе щвеялдасан. Щайгурого, нилъ гьанир ракIарун руго гIелмуялдеги, гIалимзабаздеги бугеб рокьиялъ. Гьаб нигIматалъухъ нилъеца щукруги гьабизе ккола нилъерго БетIергьанасе. Аллагьас Къуръаналда абулеб буго: «Бугебищ бащалъи гIалимаздаги жагьиллаздаги гьоркьоб»,- абун. Имам Гъазалица гьеб суалалъе кьолеб буго гьадинаб жаваб: «ГьечIо, гьел ращад гьечIо»,- абун.

Аллагьас гIалимзаби кIодо гьаруна гIелмуялъул бетIергьабилъун гьарун. Аллагьас Къуръаналдалъун ракьалде битIараб гIелму гIалимзабаз халкъалъухье щвезе гьабулеб буго.Гьединлъидалин гьезда абулеби «Аварагасул (салаллагьу тагIала гIалайгьи ва саллам) ирсилал»абун.

Аварагас (гI.с.в.) абулеб буго: «Лъабго чиясе дир рокьи насибаб буго»,-абун.

Аллагьасе гIоло жал цоцае рокьаразе, Аллагьасе гIоло цо бакIалда ракIарaразе ва Аллагьасе гIололъун цоцахъе зиярат гьабулезе».

Жакъа нилъ гьанир ракIарун руго Аллагьасе гIоло цоцаеги рокьун. БатIияб мурадги нилъер гьечIо, гIицIго Аллагьасе гIоло цоцае рокьи гуреб.

Нилъер гIалимзабаца гьарухьего абила; «Я Аллагь,нижер мурад буго дур разилъи».

Аллагьас баркатгун-пайда бугездаса гьареги нилъ. ГIелмиял тIахьаз бицуна: «ВахинчIо щивго чи кинаб бугониги борхалъиялде адабалдалъун гурони, ва вортичIо гьев гьеб борхалъудаса адаб теялдалъун гурони»-ян.Нилъер гIалимзабазул адаб гьабиги нилъер фарз буго. Аллагьас баркатаблъун гьабеги жакъасеб мажлис, ва ТIадегIанасул разилъи щолеблъунги батаги гьеб.

# ГIелмудул тарихалъул тIамач рагьана

*Районалъул бетIер Руслан ХIамзатов*



Ас-саламу гIалайкум, хIурматиял Гъодобери росдал жамагIат, тIаде рачIарал гьалбал!

ТIоцебесеб иргаялда бокьун буго баркала кьезе гьаб мажлисалда гIахьаллъизе рачIарал киназего.

Щивав бусурбанчиясе кIудияб талихIлъун ккола чIахIи-чIахIиял гIалимзабазда гьоркьов гIахьаллъизе щвей. Аллагьас гьеб талихIги кIодолъиги жакъа дие кьуна.

Дир ракI чIараб буго гьадинал мажлисал нилъер районалъул росабалъ гIемерлъизе рукIиналда. Ва гьел рукIинеги ккола, щайгуро, гьелъ квербакъи гьабулелъул гьудуллъивацлъи бижиналъе ва гьеб щула гьабиялъе.

Дун кутакалдаса вохарав вуго исламияб гIелмуялъул доктор нилъер ракьалда вахьиналдаса. Ва амма, гьелдаго цадахъ, гьелъ борхизабулеб буго районцояздаса жавабчилъиги, кIочон тезе бегьуларо нилъер гIалимзабазе къимат нилъеда ва нилъер хьвадиялда балагьун кьолеблъиги. Жакъа нилъее кIудияб къиматлъун ккола гIалимзабиги, гIелмудул доктоpалги гьанире ракIарун рукIин. РакIчIараб буго гIун бачIунеб гIелалъ гьезул нух мисаллъун кквезе букIиналдаги.

Исламияб гIелмудул вакилзабилъун рахьи-бигьаго щолеб даража гуро, гьеб бичун босуларо,лъай-хъваязда рекъон кьоларо. ГIицIго лъаялдалъун, цIалиялдалъун гурони, гIагар гьабулеб борхалъиги гьеб гуро. Гъодобери росу кидаго букIана исламиял гIелмабазде рокьи цIикIкIараблъун.

ГIун рачIунезги, цIалуде лъураб ишан, жиндилъ бацIцIадаб ниятгун лъелилан божаравги вуго дун. Аллагьас кIодо гьавеги гьанив вачIарав щивав. Жакъа гьанир гIадинан метер алжаналъул ахикьги дандельизе хьван батаги нилъее.

*Муниса Бадрудин-хIажи*



Ла хIавла ва ла къуввата илла биллагь

Бисмиллагьи ррахIмани ррахIим

ХIурматиял гIалимзаби, гьаб мажлис сабаблъун ккарал гIелмуялъул докторзаби, тIаде рачIарал гьалбал. Жакъа, балагьараб мехалда, кинавго чиясул гьурмада бихьулеб буго рохалилаб гьими. Гьелъие буго гIураб гIиллаги. Жакъа буго гIадатияб гуреб дандельи. Гъодобери росдал гIелмияб тарихалъул тIанчида цIияб цIар хъвараб. Дагъистаналъулго гIелмияб тарихалъул гьумералда цIиял цIарал хъвараб къо буго жакъа. Гьеб рохел гIахьал гьабун дандельун руго жакъа нилъ гьанир. Дун цIакъ вохарав вуго цебе букIараб Дагъистаналъул гIалимзабазул нухде дагь-дагькkун нилъ рачIунел рукIиналдаса. Нилъее гьелъие санагIалъиги эркенлъиги буго. Гьелдасаги цIакъ вохаравги вуго дун.

ГIелмуги гIалимчиги кIиябго цоцадаса батIалъулеб жо гуро. ГIелму беццулеб бакIалда веццула гIалимчи, гIалимчи веццулеб бакIалда беццула гIелму.

Аллагь нилъеда вихьулаpо, вихьизе ресги гьечIо. Гьев вукIин, Гьесул хIалкIолъи, тIадегIанлъи лъала сверухъе балагьидал, гьаб дунялалъул хIисаб гьабидал: боцIул, тIабигIаталъул, хIутIхъумуралъул, гьава-бакъалъул. РакIчIола, гьаб кинабго жоялъул хIалкIолъи кодоб бугеб, тадбир гьабулеб, ризкъи кьолеб къуват цохIо Аллагьасухъ гуреб букIине рес гьечIолъиялда. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго; «Жиндаса бищун хIинкъулел чагIи гIалимзаби ругила». Гьанже ракIалда ккезе бегьула сундалъун абун. Аллагь лъай цIикIкIанагIан цIикIкIуна Аллагьасдасан бугеб хIинкъиги, бичIчIуна Аллагьасул хIалкIолъиги, къудратги. Гьелъ рачуна хIинкъиялдеги мутIигIлъиялдеги.

Лъай-хъвай ккарал тIоцересел кьояцаго вичIчIана дида АхIмад-хIажи Аллагьас гIелмуялъе вижарав чи вукIин. Гьесул хабар халатаб букIинчIо, бицунеб хабар мухIканаб букIана. РагIи рагIаракьанде щун гуреб кIалъазеги кIалъалароан.

Баркула гьесда ва ункъавго докторасда гьезие щвараб цIар. Батаги гьеб халкъалъе пайдаяб. Гьаб мажлисги гьабеги Аллагьас балагьазда цебе чIараблъун, унти-щокълъи нахъ чIвараблъун.

*Имам центральной Джума-мечети г. Шали Хашханов Ваха*



Ас-саламу алайкум, дорогие горцы, братья из великого братского Дагестана! Мне приходилось участвовать в разных мероприятиях, мажлисах. Но участие в этом маждисе для меня самое тяжёлое, так как выпало на мою долю выступить среди великих алимов. Ваше гостеприимство оказало мне такую честь. Еще с детства, каждому чеченцу было известно, что наш братский Дагестан-это земля, которая пропитана чернилами Великих алимов. Это та земля, которая встретила лучших последователей пророка Мухаммада ( салаллагьу тагIала гIалайгьи ва саллам) праведных асхабов и табиинов, земля откуда был распространен ислам. Благодаря Аллагьу и вашим предкам мы стали мусульманами. Мы благодарны вашим предкам за то, что они обучали наших предков и посредством чего в сердцах вселилась нравственность и уважение. Ахмад-хаджи Годоберинский не только гордость этого села и Дагестана он гордость Чечни, Дагестана и всех мусульман.

В 2004 году я познакомился с нынешним муфтием Дагестана. Когда я поехал к нему за насихIатом, учитывая, мои обстоятельства, он сказал мне: «Тебе с Чечни все равно ехать. Хасавюрт ближе. Там есть ученый человек. С него возьмёшь баракат. Его зовут Ахмад из Годобери».

Более ста мутаалимов из Чеченской Республики учились у Ахмад-хаджи. Я помню, когда наша делегация была в Махачкале и наш представитель сказал что отправить учится лучших Ахмад-хаджи перебил и сказал: «Нет. Отправьте худших, мы открываем медресе и институты что бы людей делать лучше ».

Первое знакомство у нас было за столом. Он меня посадил на почетное место-рядом с собой. Я думал: будет экзамен, будет проверять мои знания. Но нет, ни разу не спросил. Мне посчастливилось семь лет учиться у Ахмад-хаджи. Какие бы обстоятельства не возникали, ни один день не оставлял нас без уроков. Я благодарен Аллагьу за то, что являюсь учеником Ахмад-хаджи. Хотя я в Ботлихском районе впервые, село Годобери я знаю с 2004 года. Ведь достойные сыновья Дагестана всегда прославляли свою местность. Пусть Аллагь воздаст Вам за ваш труд и усердие.

*Сахрудин Расулов -имам мечети г. Хасавюрт*



Ас-саламу гIалайкум хирияял диналъул вацал. Жакъа гьаниб гIемераб бицана гIелмуялъулги, гIалимзабазулги. Хьулги буго мунпагIатги щвелин. Дие бокьун буго Гъодобери росдада баркизе, гьаб росдал агьлуялъе щукру загьир гьабизе, гьадинан нижги кIодо гьарун гьабураб дандельиялъухъ.Нужер росу буго жинда жанив Дагъистаналъул бищунго къуватал гIалимзабазул цояв шайих МустIафа гIураб. Гьесул баракат нилъее рахIматлъун гьабеги Аллагьас. Гьаниб гIахьаллъи гьабулев щивав чиясул гьеб къабулги гьабеги. Гьелъие квербакъарасеги, гьелъие кумек гьабурасеги Аллагьасда цере рахьун чIараб кьоялъ бищун къваригIараб бакIалда батулеблъунги гьабеги. Хирияял дир вацал, ихлас бугелдаса гьареги нилъ. ГIадамазе щукру гьабуларес, Аллагьасеги щукру гьабуларин абула. Дие бокьун буго нилъер муфти АхIмадХIажиясеги щукру гьабизе. КIудиясул мурад букIана Дагъистаналда гIелмуялъул каву рагьизе. Гьелъул хIасил жакъа нилъеда бихьулебги буго. Аллагьас гIелмуялъул нух ккуразаса ратаги нилъ.

# ГIелмудул тарихалъул тIамач рагьана

*Яхъя-хIажи МухIаммадов Хасавюрт шагьаралъул кIудияб мажгиталъул имам*



Ас-саламу гIалайкум, хIурматиял гIалимзаби.Жакъасеб гьаб данделъи буго Аллагьги аваргги (салаллагьу тагIала гIалайгьи ва саллам) разияб. Цо нухалда аваргас (салаллагьу тагIала гIалайгьи ва саллам) асхIабзабазда абун буго: «Нуж алжаналъул бахчабазда аскIосан унаго кванай» АсхIабзабаз цIехана: «Гьел алжаналъул бахчаби щал, Бичасул авараг?» (салаллагьу тагIала гIалайгьи ва саллам) абун.

«ГIелмуялъул мажлисал ругин» жаваб кьун буго аварагас (салаллагьу тагIала гIалайгьи ва саллам)

Жакъа гIелмуги гIалимзабиги кIодо гьарун гьабулеб гьаб мажлис, щаклъи гьечIо, аварагас сипат гьабураб алжаналъул бахча букIиналда. Гьаниб бицаралдасаги гIелмуялдасаги пайда босизе тавпикъ кьеги Аллагьас нилъее. Баракат лъеги, гIелмуялда гIамал рекъезабизеги рукIа-рахъи хисизабизеги сабаблъунги батаги. ТIадегIанав Аллагьас хирияб Къуръаналда абулеб буго: «Цо къавмалъул ахIвал-хIал хисуларо жидерго нафсалъул гIамал хисизабичIого».Аллагьас гьаб мажлис гьабеги гIамал хисизе гьабиялъе сабаблъун. Балагьаздаса цIунаги, баракат лъеги.

*МухIаммадрасул СагIадуев МахIачхъала шагьаралъул кIудияб мажгиталъул вукIарав имам*



Ас-саламу гIалайкум ва рахIматуллагьи ва баракатугь

Жакъа гьаб бакIалда ракIарун руго хIакъикъаталдаги кIудияб бахIарчилъи бихьизабурал гIадамал. Щай дица бахIарчилъиян абулеб бугеб,? Щайгурого, советияб заманалда гIелму лъазаби-гьеб букIана хIакъикъаталдаги кIудияб бахIарчияб иш. Кинаб бугониги рокьи дур исламалдехун букIин лъанани, мун ккезе рес букIана такъсирчагIазул мухъилъе ва тIубанго рахIат бахъараблъун рикIкIине бегьулаан дуца гIумрудул тIагIам.Гьединаб захIматаб заманалда гIелму лъазаби, гьеб ккола хIакъикъаталдаги гIелмуялде бугеб рокьиги, хIалтIиги. Жакъа, докторал абураб цIарал гьезие щваниги, гьезул мурадги букIинчIо цIаруе сардал рорчIиги, гIелму лъазабиги, жидерго гIумруги гIужие лъун. Гьеб букIана гIицIаб Аллагь лъаялдеги ХIабибасул (салаллагьу тагIала гIалайгьи ва саллам) нух ккевеялдеги гIелму бокьиялъ бугеб гьира. Бокьилаан гIун бачIунеб гIелалъги, цIаралъе гIоло гуреб, гьал гIалимзабацаго гIадин, Аллагьасе гIололъун гIелму лъазабизе. Рихьдае гьабураб жо рекIелъ хутIуларо, экзамен кьейгун гьеб тIагIун батула.Щибаб иш гьабе Аллагьасе гIололъун.Гьеб буго гIумруялъулги гIелмуялъулги мурад.

*Мухаммад Ханафи-имам мечети города Махачкалы*



Бисмиллагьи ррахIмани ррахIим АльхIамдулиллагьи раббиль гIаламин.

Дорогие мои братья, первое, на что мы должны обращать внимание, это воздаянию щукру нашему Создателю за такие мажлисы. Мажлисы, где мы спокойно можем встречаться с нашими алимами, в спокойной атмосфере, что бы получать от них баракатные знания. АльхIамдулиллагь! за такой баракатный мажлис. Пусть Аллагьу тагIала ниспошлет баракат в это село, убережет от бед всех мусульман.

Есть люди, которых украшает звание доктора, и есть люди, которые украшают звание доктора. АхIмад-хIажи, которого я знаю с 2003 года, является именно таким алимом, который украшает звание доктора.

Пророк (с.т.гI.в) сказал: «В судный день, когда Аллагь воскресит людей, и алимов и абидов. Аллагь скажет абидам: « Войдите в мой рай по моей милости» за те усердия, которые они усердствовали в богослужении, а алимам скажет: Подожди! Как вы воспитывали, наставляли на путь истинный, также сегодня делай шафаат этим людям, что бы они тоже вместе с вами вошли в рай» (смысл)

Дай Аллагь, что бы мы не теряли искренность. Пусть Аллагь ниспошлет баракат нашим алимам, что бы они были настоящими наследниками Пророка (с.т.гI.в), что бы они были рахIматом этого мира как и посланник Аллагьа был рахIматом.Дай Аллагь нам тафпикъ.ВальхIамдулиллагьи раббиль гIаламин.

*ГIабдулкарим ХIажиев-Буйнакск шагьаралъул мажгиталъул имам*



Ас-саламу гIалайкум ва рахIматуллагьи ва баракатугь.

Дида лъалеб жо буго гIемер веццанин абун чIухIиги кколев, веццичIого танин абун ракIги къварилъулев чи гуро вугев АхIмад-хIажи. Аллагьас щивасе къиматалда релълъараб кьола гIелмуги, иманги, сабруги.

ГIелмуялъулги гIалимзабазулги гIемер бицана, бицаралда нахъ рилълъунеллъун нилъги гьареги. Дие бокьун буго цодагьаб ихласалъул бицен гьабизе. Щиб жоха кколеб ихлас ва сунца нилъ гьелде рачунел. Ихлас ккола исламалъул лъабабилеб рукну, нилъ гьелде рачунеб нухги буго тIарикъат. ТIарикъаталъ гурони ихласалде инсанги вачунаро.

ГIелмуялъулго мурад буго Аллагь лъай. Гьединаб гIелму жакъа нилъей хIажатги буго чара гьечIого.

БакIккун букIадго умумузда хитIаб гьабун абизе бокьун буго. Лъала, нилъее кинаего бокьула лъимал цIаларал чагIилъунги рахьине, адаб-хIурмат цIунараллъунги лъугьине. ХIаракатги бахъула мадрасалда цIализе лъезе. ГIалимзаби рахьичIониги, хоб хвелалъулниги суал чияда ккечIого жидецаго тIубалел лъимал рокьор рукIине. Нужеца хIаракат бахъе лъимал ритIизе унго-унголъунги гIелму жиделъ бугел, гIелмуялда рекъараб гIамалги бугел, Аллагьасукъа хIинкъиги бугел, адаб жинда жаниб куцалел, дунялалда мугъ базабулел, ахираталда рокьи ккезабулеллъун ругел мадрасазде. Хадуб нужерго ракI бухIичIого букIине.

Чанги мадраса лъугIаразул питначи вахъуна, росу кIийиде бикьула, умумузул бетIер ургъалица бекула.Вореха, лъимал ахIе тIарикъат бокьиялде. ТIарикъаталде лъугьинчIониги инкарниги кколарездаса гьаре.

АхIмад-хIажи жакъа гьаб бакIалде вахинавуна хIалалаб гIелму цIалиялдалъун. Нилъеца веццун гуро, гIелмуялъ вачана гьев гьаб борхалъуде.

Киназего бокьула лъикIал чагIаздалъун цIар ине росдалги районалъулги.Гьединал гIемерлъаги нилъер Дагъисталалда.

Гьаб гIелму кIодо гьабизе жакъа нилъ ракIарараб гIадин аварагасул (салаллагьу тагIала гIалайгьи ва саллам) шафагIатги насиб гьабеги нилъее, гIалимзабаца малъухъе хьвадизе тавфикъги кьеги.

*Эсенбулат ЯхIяев- исламиял гIелмабазул доктор*



АльхIамдулиллагь рецц буго БетIергьан Аллагьасе рикIкIун хIалкIоларел рахIматал нилъее рикьулев. Дица дунго рикIкIуна талихIав чилъун, щайгурого, битIараб гIелму дие кьолел ва бичIчIичIеб суалгун аскIове ун гIелму тIалаб гьабизе рес бугел гIалимзаби, мугIалимзаби дида сверухъ ратиялъ.

Дие бокьун буго цо гьадинаб хитIаб гьабизе гIолохъанаб гIелалдехун.

Гьалеха жакъа нужедаго бихьулеб буго чан чIахIи-чIахIиял гIалимзабиги рачIун мажлис гьаниб гIуцIун бугебали.Гьанже кье нужеего суал. Рекъон ва берцин бугищ нилъерго Шамиль имамги,гъазизабиги, наибзабиги, гIалимзабиги нечараб пиша росу тун шагьаралде щвейгун билълъанхъизаби. Узухъда гьечIо. Гьединаб хьвадиялъ нилъ учуз гьарула. Гьеб жоялда тIад ургъа нуж хъалиян бухIи, гIаракъичагъир гьекъей, саяхълъи ва гьелда релълъараб цогидабги хьвада-чIвади гьабизе нафсалъ тIамулеб заманалда. Гьаб цохIого васалазда хъинтIулеб хитIаб гуро. Ясалазги кIочон тоге гьаб насихIат.

ТIокIаб жо гьечIониги, кIочон тоге нужер росулъ кIудияв гIалимчи вукIинги, гьаб къоги, гьаб мажлисги, гьанир ракIарарал гIалимзабиги. Нужеца гьабулеб хьвада-чIвади буго АхIмад-хIажие халкъалъ кьолеб къимат. Гьаруге гьав чи гIодове къулизе ккарал къабихIал ишал. Суризе гьабуге нужерго росу АхIмад-ХIажица гIицIго Дагъистаналда гуребги, тIолабго дунялалда жиб машгьур гьабураб. МутагIилзабацаги хIаракат бахъизе ккола АхIмад-хIажицаго гIадин, гIелмуялда гIамалги рекъезабун, халкъалъе пайдаяб, Аллагьги гьесул расулги (салаллагьу тагIала гIалайгьи ва саллам) разияб нух хахъа тезе. Аллагьас баракат лъеги киназдаго.

# ГІелмудул тарихалъул тІамач рагъана

*ГъазимухІаммад Абакаров-исламиял гІелмабазул доктор*



Ас-саламу гІалайкум, хириял диналъул вацал!

ГІемераб насихІатгун вагІза гьабуна жакъа гьаниб.

Дие бокьун буго гьаб Гъодобери росдада баркизе, гьаб росдал агьлуялда щукру загьир гьабизе, гьадинан нижги кІодо гьарун гьабураб данделъиялъухъ. Гьениб гІахьаллъи гьабурав щивав чиясул гьеб къабулги гьабеги. Гьелъие квербакъаразеги, кигІан гьитІинабниги кумек гьабуразеги, Аллагьасда цере рахъараб къоялъ бищун къваригІараб бакІалда батулеблъунги гьабеги.

Нилъер муфти кІудияс абураб жо буго: «Жинца гІелму босарав, жиндир мугІалим вугила АхІмад хІажи» абун. Аллагьас ихлас бугелаздаса ратаги нилъ.

Хьул буго Аллагьас балагьал нахъ чІвалин, унти щокълъи нахъ бахъилин, Бичасул аварагасул (с.т.гІ.в), байрахъалда гъоркь рахьилин абун.

*ДибирхІажи МухІамадов Россиялъул БахІарчи*



Ас-саламу гІалайкум, тІаде рачІарал гьалбал, росуцоял. Жакъа ниж чІухІарал руго чІахІи-чІахІиял гІалимзабаца берцин гьабураб мажлис росулъ тІобитІизе щвеялдасаги, нижер росуцояв АхІмад-хІажи исламиял гІелмабазул доктор абураб тІадегІанаб цІаралъе мустахІикълъиялдасаги. Гьаниб цогидазги абуна, гьеб цІар жакъа щвананиги, гьев цевего гьеб цІаралъе мустахІикълъун вукІанин.Гьеб нижер росдал щивав чиясда лъикІ лъазеги лъала, щайгуро, гьесул тІолабго гІумру букІана щивав чияс мисал босуледухъ тІамулеб.

Гьал гІалимзабаздаса хадуб рагІи абизе дие кутакалдаса захІмалъила. Бугониги, бокьун буго баркала загьир гьабизе росдал жамагІаталъулго рахьалдасан, жакъа нижер ракьцоявги кІодо гьавун гьанире рачІаралъухъ.

КІудияб лъугьа-бахьин буго Дагъистаналъул ракьалда щуго доктор вахъи. Баркула щивасда. Аллагьас халкъалъе пайда бугел. Ахираталъулги дунялалъулги рокьор нижее баракат бугел ратаги нуж.

*АхІмад-хІажи -исламиял гІелмабазул доктор*



Бисмиллагьи рраxІмани ррахІим

Ва ссалату ва ссаламу гІала Расулуллагь

Ас-саламу гІалайкум ва рахІматуллагьи ва баракатугь

ХІурматиял гьалбал, росуцоял! Чанго нухалъ инкар гьабун букІана дица гьаб мажлис гІуцІиялъе, бугониги росдал жамагІаталъеги бокьидал, ракІалда ккана гІалимзабиги ахІун, росдал гІадамазе лъикІаб вагІзалъунги букІинин, насихІатги рагІинин абун. ГІалимзабазул мажлисазде росдал гІадамазул бугеб гІашикъаб урхьиги бихьун, разилъиги кьуна. Инкар гьабиялъе бугеб гІиллаги букІана дирго рахъалъа рецц бакъалъул калам рагІизе бокьунгутІи. Бугониги рагІана. Аллагьас дун гьавеги нужеца вицунедухъ лъикІавлъун.Бокьун буго киназего баркала кьезе.Аллагьас баракат лъеги нижги кІодо гьарун гьанире рачІаралъухъ, даражаги тІадегІан гьабеги.

Нижер гІолохъаби руго Россиялде хьвадун, бакІаб хІалтІи гьабун магІишат гьабулел чагІи, бугониги жакъа гьел росулъе рачІун руго, баркала буго гьезие кІудияб ва щибаб гьезул хвараб гъурущ копек рикІкІун Аллагьас гьеб миллионаздеги бахинабеги ва километраби рикІкІун алжаналда жаниб даражаги борхаги. Аллагьас гьаб жакъасеб мажлисги къабул гьабеги.Сабаблъун ккаги тІаде рачІунел батІи-батІиял унтаби нахъ чІвазеги, унтаразе сахлъи кьезеги.Гьаниб бахъараб галиги батаги алжаналде бахъараблъун.Гьанир данделъарал гІадинан, метер алжаналда ХІабибасда (с.т.гІ.в), аскІор дандеги гьареги нилъ киналго.

***Мажлис кьана Гъодобери росулъа, МустІафа афандил наслуялъул чи гьавураб къоялдасаго берзул канлъи гьечІев, хІафиз МухІаммад ГІабдулдибировас КъурІаналъул аят цІалиялдалъун ва цадахъаб дугІаялдалъун.***



## Районалъул бетІер Руслан ХІамзатовас исламиял гІелмабазул докторзабазе сагІтал кьолеб лахІзат



Ах1мад-х1ажи ГІисаев



Рашид Алимурадов



ГъазимухІаммад Абакаров



МухІаммадсайгит Сагитов



Эсенбулат ЯхІяев

# ГІелмудул ралъад




Хирияв Авараг (с.т.гІ.в.) накълулъун хадуса жакъа къоялде щвезегІан щибаб гІасруялъул гІалимзабаз къвалал гурун хІаракат бахъана халкъалда дин бичІчІизабизе, диналда хурхарал ахІкамал баян гьарун тІахьал хъвазе, ва халкъалъухъе гьел щвезаризе, гьелъухъги Аллагьасе рецц буго, АлхІамдулиллагь!

Гъодобериса АхІмад-хІажица хъварал тІахьалги гьединаздасан ккола. Дун гьел тІахьазде ваккана, гьел хъван ругеб къагІидаялъул халги гьабуна. Дида ракІалде ккана гІибадаталъул рахъалъан гІатІидго баян гьабун как, кІал, закат, хІажалда хурхараб гІисинал яги чІахІиял гІараб тІахьазда кІудиял гІалимзабаз хъвараб жоялъул АхІмадица гъоркье тараб ва баян гьабичІого хутІараб жого батиларилан. Дида мухІканго абизе кІола гьаб ахир заманаялда КъурамухІаммад-хІажиясда хадуб гьадинан гІатІидго магІарул мацІалда рубугІул-гІибада баян гьабураб цоги тІахьал къватІире рачІинчІилан. Гьединго дида абизе кІола гьал тІахьаздасан пайда гІаммаб халкъалъ ва мутагІилзабаз гуребги гІемерал гІалимзабазги босизе батилилан.

Жеги дун вохарав вуго АхІмад-хІажица рубугІул гІибадаялда къокълъун чІечІого фикъгьи гІелмуялъул халкъалда гьоркьоб букІунеб мугІамалаялда, никахІ-тІалакъазда ва жинаятазда хурхарал ахІкамал баян гьарулел тІахьазул хадусел бутІабиги хъвалел ратидал.

ТІадегІанав Аллагьас щибаб хІарп рикІкІун гьал тІахьал хъварав мусаннифасулги ва гьаб цІалун гьаниб хъвараб жоялда гІамал гьабурасулги даража аза-азариде бахинабун тІадегІан гьабеги ва гьаб хІалтІи Аллагьас къиямасеб къоялъ цІадирабазда тІад лъезе Живго разияб гІамаллъунги гьабеги ва нахъе-нахъеги Аллагьасул дин цІунун ва Аварагасул (с.т.гІ.в.) нух чІаго гьабун гьадинал халкъалъе пайдаял тІахьал хъвазе ва хъвалел рагІалде щвезаризе АхІмадие Аллагьас тавфикъги кьеги, амин!

**АхІмад-хІажи ГІабдуллаев**
**Дагъистаналъул муфтий, КІудияв (къ.с.)**

Гъодобериса АхІмад-хІажияс хъвараб «Иршадуль ГІавам иля фикъгьи дини халикъиль анан» тІехьги исламалъул аслаби лъазаризе цІакъ бигьаяб, берцинаб мацІалда, бичІчІуледухъ хъвараб тІехь буго. ГІелмиял баяназул рахъалъги гІатІидги камилги гьабун бугоан АхІмад-хІажияс гьеб тІехь. Щибаб тІехь гІажамиязе цІияб жавгьарлъун букІуна. Гьаб тІехьги магІарулазе кутакалда къиматаб бакІалда букІина, щай абуни, АхІмадхІажияс гьелда жаниб гІибадатазул ахІкамазул гІемераб жо жаниб бачун буго ва диналъул хІубилъун бугеб какалъул ахІкамал баян гьариялде жеги цІикІкІараб кІварги кьун буго. Нилъеда лъала бищун багьа тІадегІанаб жавгьар как буго. Аллагьас тІад лъураб налъи тІубазе киназего кумек-квербакъи гьабеги. Амин.

**МухІаммадрасул СагІадуев,**
**МахІачхъала шагьаралъул кІудияб мажгиталъул вукІарав имам.**

Дир диналъул вац Гъодоберисев АхІмадхІажица дидасан тІалаб гьабуна гьес данде гьабураб тІехьалда дица бер щвезе гьабейилан ва гьелъие цебергІиги хъвайилан. Гьесда дун гьелъие агьлулъун вихьун вугелъул, гьеб макъамалъул чи дунго гьечІеблъи дида лъалеб бугониги, дица гьесул тІалабалъе жаваб гьабуна ва гьеб тІехьалде ваккана. Гьеб буго гІибадатазул бицараб ункъил бутІа фикъгьиялъул берцинаб куцалъ баян гьабураб тІехь. МагІарул мацІ лъалев чиясе къимат гьабун гІолареб хазиналъул бихьина дида гьеб. Жиндир диналъул ва жинца гьабулеб гІибадаталъул кІвар бугев гІажамияв чиясе гьечІого гІолареб тІехьлъунги батана дида гьеб. ТІехьалъ жинде щвей гьабичІого нахъе тараб щибго жо дида халлъичІо. РацІцІалъиялдасан байбихьун, какалда хурхарал киналго фикълъиялъул ахІкамал мухІканго, гІатІидго баян гьарун ва Исламалъул хутІарал лъабалго арканазул, закат, кІал, хІажалъул ахІкамал жанир рачун тІад жубазе щибго жо гьечІеб куцалъ баян гьабун буго муаллифас гьеб тІехьалда жаниб. Церего хъварал рукІа яги нахъе хъварал рукІа гьеб къагІидаялъ мухІкан гьабун хъвараб тІехь цоги гьечІо. Цоги рохел бицана тІехьалъул муаллиф АхІмад хІажияс, гьес абуна гьеб тІехь халкъалъе файда гІамлъизе гІурус мацІалдеги буссинабизе бугилан.

ТІадегІанав Аллагьасда гьарула гьабулебщинаб лъикІаб гІамалалъе тавфикъ гьабеян лъица гьабулеб бугониги. Гьединго Аллагьасда гьарула гьаб тІехь данде гьабурав АхІмадил гІумруялъул къоязулъ баракат лъеян ва гьес гьабураб гьеб гІамалги гьабеян дунялалъул рокъоб гІадамазе файда гІаммаблъун ва къиямасеб къоялъ гьесие батулеб хазиналъун. Нахъеги БетІергьанасда хІелун гьарула исламияб умматалъе иманги, аманги, рекъелги, цолъиги насибаблъун гьабеян. Аллагьасул рахІматалде цІакъго хІажатав, хъвараб жоялде раккаразул дугІаялде хьулги гІемерав.

**КІванадаса Яхъя-хІажи,**
**Хасавюрт шагьаралъул масжидалъул имам**

# Мажлисалъул лахIзатал суратаздалъун



**ГIудуллъи газета гIуцIарал**

«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

**Учредитель**

Администрация МР «Ботлихский район»

**Эл. адрес:** druzhba555@mail.ru
**Сайт:** druzhbabotlih.ru

**Редакторасул ишал тIуралев**

***А. Агъларов***

**Мухбирзаби**

ГI.МухIамадова
З.КъурамухIамадова
М.МухIамадова

**Наборщица**
П. Эльдарова

**Дизайнер**
С. Камилова

**Корректор:**
П.МухIамадова

**Фотокорреспондент**
К. Камилов

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан. от 31 мая 2017 года.**
**ПИ № ТУ 05 - 00381**
**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел.**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.**
Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103

**Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61**
**Тираж -350 Индекс-51349**

*Заказ №* _____